



Ki kote nou vle ale jodi a ak je nou byen louvri e kè nou byen cho?

2 a me 4, 2011
 Premye Asanble Rejyon Ameriklaten pou Misyon Edikasyon
 Fusagasugá, Cundinamarca, Kolonbi.

Sitio Web:
www.relal.org.co / www.relal.com.co
 Correo Electrónico:
relal@etb.net.co

 relal2011.blogspot.com

 www.facebook.com/relal

 twitter.com/lasallerelal

 www.youtube.com/lasallerelal

Vizyon (Kote nou vle rive)

Nan ane 2014 RELAL¹ pral fòme ak kominote k ap viv valè levanjil la; lafwa ak sèvis ap tounen sous ak chemen pou menmen tout lasalyen² kote yo vle rive a. Si Bondye vle nan menm ane 2014 sa a lasalyen yo ki nan tout distri yo pral genyen kèk nouvell fason pou mete tèt ansanm (asosyasyon) pou bay sèvis ledikasyon pou sila yo ki pòv yo. Si Bondye vle, nan menm ane 2014 sa a kominote lasalyen yo pral fè pati yon gwo chèn solidarite³ avèk lekòl lasalyen yo e avèk distri yo; chèn solidarite sa a pral ede nan sosyete sivil la pou ede mete sou plas kèk regleman pou genyen plis jistis ak respè dwa tout moun genyen, sitou timoun yo ak jèn yo. Dokiman ki rele PERLA⁴ a pral tankou yon sous lide pou misyon an ak fòs pou lasalyen yo ka lidè tout bon vre nan RELAL la.

Priorite (Sa ki pi enpòtan)

1. Nou dwe mete yon pakèt fòs pou chèn solidarite kominote lasalyen yo kapab reponn apèl Bondye ki rele nou pou nou viv nan kominyon ak pou nou bay edikasyon a sila yo ki pi pòv yo.
2. Se pou nou santi PERLA a se bagay pa nou, se bagay pa chak Lekòl, Kolèj ak Inivèsite, chak Sektè, chak Distrik e chak Delegasyon dapre pwojè chak enstitiyon sa yo genyen, pou amelyorasyon kontini ak andirans nan misyon pou ledikasyon nan rete nan tèt ansanm.
3. Nou dwe fè jefò pou lasalyen yo viv tèt ansanm nan (asosyasyon) antre yo, se sa ki pral pèmèt nou viv idantite nou kòm edikatè e konrann sans misyon nou pi byen toujou, pandan n ap swiv sa Kongregasyon an mande nou pou nou fè nan sèvis edikasyon pou pòv yo, san nou pa neglije tout sa ki nouvo k ap pase nan sosyete a.
4. Se pou nou payisipe nn mete sou pye politik piblik pou yon edikasyon pou tout moun san distenksyon e egal ego selon eksperyans lasalyen yo, n ap fè sa nan mete ansanm ak lòt òganizasyon k ap travay pou defans dwa moun genyen, sitou timoun yo ak jèn yo.
5. Rann chèn solidarite RELAL la solid pandan tout lasalyen nan rejyon an ap mete tèt ansanm pou tout enstitiyon (lekòl, kolèj, inivèsite e latriye) ki nan Ameriklaten ak nan Karayib pou pataje sou sa yo fè ki bon nan misyon an, nan asosyasyon (tèt ansanm), nan kominkasyon, nan travay volontè⁵, ak nan fòmasyon.

¹ RELAL: Rejyon Lasalyen Ameriklaten

² Lasalyen se tout disip Sen Janbatis Delasal: Frè, moun k ap travay ak Frè yo –pwofèsè, elatriye– elèv, ansyen elèv, paran elèv,...

³ Chèn solidarite: Rezo.

⁴ PERLA: Pwojè Edikatif Rejyonal Lasalyen pou Ameriklaten.

⁵ Volontè: Moun k ap travay san yo pa mande peye yo pou sa, kit li soti nan lòt peyi oubyen se nan peyi li menm.



RELAL

Rejyon Lasalyen Ameriklaten

Carrera 5 No. 59A - 44
 Teléfono: +(57-1) 345 8363
 Fax: +(57-1) 346 0662
 A.A. 50646
 Bogotá D.C. - Colombia